



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PWOGRAM KOMINOTÈ PWO-  
LOJMAN POU PRIYORIZE 650 MILYON DOLA NAN FINANMAN DISKRESYONÈ  
ETA POU LOKALITE KI ANGAJE NAN KWASANS LOJMAN**

*Lokal kalifye yo avèk Sètifika Kominotè Pwo-Lojman pral resevwa  
konsiderasyon priyorite pou pwogram devlopman ekonomik ak lojman kle yo*

*Se yon pati nan pake aksyon egzekitif Gouvènè a pou ankouraje kwasans lojman  
atravè Eta New York*

*Paj aplikasyon ak enfòmasyon sou pwogram lan disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a Pwogram Kominotè Pwo-Lojman (Pro-Housing Communities Program) an, yon inisyativ nan tout eta a pou bay yon konsiderasyon priyorite pou jiska 650 milyon dola nan fon diskresyonè eta a nan lokalite ki angaje nan kwasans lojman. Pwogram nan, ki te anonse pa Gouvènè Hochul nan kòmansman ete sa a kòm yon pati nan yon pake aksyon egzekitif pou ankouraje kwasans lojman, envite minisipalite (vil, komin, ak vilaj yo) pou aplike pou sètifikasyon Kominotè Pwo-Lojman. Kominote Sètifye Pro-Lojman pral resevwa priyorite sou lòt lokalite nan aplikasyon pa yo pou kèk fon diskresyonè, ki gen ladan 650 milyon dola nan pwogram sibvansyon Eta tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ki te enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Aplikasyon pou nouvo pwogram lan ouvri kounye a.

"Kominote ki vle ede nou rezoud kriz lojman an ta dwe nan premye liy pou finansman diskresyonè Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmante rezèv lojman nan New York enpòtan, epi m ap sèvi ak tout zouti yon gouvènè genyen a dispozisyon li pou fè yon enpak. Mwen pa ka tann pou m vizite kominote ki sètifye pou lojman atravè New York pou selebre reyalyasyon yo nan mwa k ap vini yo."

Pou yo deziyen yon Kominote Pwo-Lojman, minisipalite yo dwe bay enfòmasyon kle sou kat/kòd zonaj lokal pa yo ak enfòmasyon ki detaye apwobasyon pèmi lojman lokal yo pandan senk ane ki sot pase yo.

Lokal ki soumèt dokiman ki montre ke estòk lojman yo te ogmante pa yon pousan nan ane anvan an oswa 3 pousan sou twa ane anvan yo (nan sid eta a) oswa pa 0.33

pousan nan dènye ane a oswa 1 pousan sou twa ane anvan yo (nan nò eta a) pral kalifye pou sètifikasyon an. Kominote ki poko wè kwasans lojman yo ka jwenn deziyasyon Kominote Pwo-Lojman tou lè yo pase yon rezolisyon ki endike angajman yo anvè prensip Pwo-Lojman yo.

Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pral revize aplikasyon pwogram yo sou yon baz kontintèl epi bay apwobasyon oswa refi nan espas 90 jou apre soumisyon an. Moun ki resevwa sètifikasyon yo dwe resoumèt done pèmi lojman yo ak nenpòt mizajou nan zòn yo sou yon baz chak ane pou yo rete sètifye epi kalifye pou priorite a.

Yo pral konsidere Kominote Sètifye Pwo-Lojman yo an premye pami lokalite k ap aplike pou:

- [Inisyativ pou Revitalizasyon Anba Lavil la](#) (DRI)
- [Pwogram NY Forward la](#)
- [Fon Kapital Konsèy Rejyonal la](#)
- Pwojè kapital ki soti nan [Pwogram Market New York la](#)
- [Pwogram New York Main Street la](#)
- [Fon Envestisman Long Island](#) (Long Island Investment Fund, LIIF)
- [Fon Momentum Mid-Hudson lan](#)
- [Pwogram Ranfòsman Modènizasyon \(Modernization Enhancement Program, MEP\) nan Transpò Piblik la.](#)
- Nenpòt lòt finansman kote ekspresyon afektasyon alavni deziyen li kòm yon pwogram Kominotè Pwo-Lojman.

Pwogram Kominotè Pwo-Lojman an bati sou vizyon solid Gouvènè Hochul pou ogmante pwovizyon lojman ak abòde kriz lojman New York la. Aksyon egzekitif Gouvènè a gen ladan tou:

- Yon pwogram pou avanse pwojè rezidansyèl yo te kanpe pa ekspirasyon 421-A ki gen ladann lojman abòdab nan katye Gowanus nan Brooklyn.
- Yon nouvo egzijans pou tout antite Eta yo idantifye potansyèl pou tè eta pa yo pou sipòte lojman.
- Dènye ak pwochen inisyativ regilasyon pou idantifye opòtinite pou pi gwo efikasite pou ankouraje kwasans lojman.
- Lansman vèsyon beta pou yon nouvo pòtay entèaktif, pou kolekte epi pataje lojman nan nivo kominote ak zonaj done ak enfòmasyon sou yon baz kontini

Pou plis enfòmasyon sou ajanda lojman Gouvènè a, ki gen ladan aksyon egzekitif ki sot pase yo tankou Pwogram Kominotè Pro-Lojman an, vizite [sit entènèt](#) Gouvènè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418